

Càntug Muriid

[Page 1]

Bismi l-Lāhi al-Raḥmāni al-Raḥīmi, lii moo di Càntug Muriid
Muriid ya ci liggéeyub Shaykh Abdul Ahad ci yoonu Muriid. Qāla

Sëriñ Jaaja Jóob Ibn Sëriñ Sayeer Jóob

Alhamdu lil Laahi nu sànt Yàlla

Te sànt yonen ba te doylloo Yàlla

Te sànt Shaykh Bàmba mi sànc Tuubaa

Te sànt Shaykh Abdu mi nekk Tuubaa

Amuma xam-xam waaye tey ma sànt

Shaykh Abdu Mbàkke moo yayoo ag sànt

Moo wuutu Shaykh Bàmba te yor meloom wa

Ku Shaykh Bàmba réer na xool meloom wa

Jëfam ja ak waxam ja boo ko seetloo

Muy jëfi Shaykh Bàmba te kon ñu tolloo

Lu Alxuraan waxul nekkul ci hadiis

Du waxi Shaykh Bàmba te wax ja daa deet

Ñoo bokk wax niroo doxiin niroo jëf

Lépp lu Yàlla gërëmul moom du ko jëf

Lu Shaykh Bàmba mësa bañ ci dunyaa

Shaykh Abdu bañ na loola fii ci dunyaa

Moo tax mu digle lu baax fa Tuubaa

Moo tax mu tere luy safaan ba Tuubaa

Soññ na gaa yu baax ya jëm ci Yàlla

Jubbànti yenn gaa ya réere Yàlla

Moo ma sëlëm ma xippi xool jamono ji

Di dénk saa moroom yi ndax jamono ji

[Page 2]

Lu ma Sëriñ Abdu xamal ci baatin

Danaa ko wax ba ñépp xam ne mooy kan

Moo di Sëriñ Tuubaa ci gépp fann

Bil Laahi kii Shaykh Bàmba moo ko tànn

Weñ bu dëngee gu daar a koy jubbànti

Moo tax ku mel ni moom a nuy jubbànti

Tool bu defe yaaxoy nga bañ ñu ruur ko

Wutal taxas ju ñang-a-ñang ñag ko

Waaye bu dee yaaxoy nga ñag ca yaaxoy

Jur ga da koy lekk nga ñàkk yaaxoy

Kuy wàttu day ñang te boole ca aw fit

Te ami teggiin lool te boole ca ag mat

Booleek du tooñ te ku ko tooñ mu jéggal

Kookooy sàngub mbindéef yi nan ko raamal

Jikkoy Sëriñ Tuubaa la yor ci baatin

Yor ko ci dhaahir mooy ku donn baatin

Wàttul ma xulóol moo di doomi saamaan

Te mooma saamaan moo mënoon ci soodaan

Lim fi bàyyiwoon soppekuwul ba tey jii

Ku weddi lii ma wax na xool ci waa jii

La woon ca kee xam ngeen ne moo nekk ca kii

Daa mel ni daa summi mbubam sollal ko kii

Te bu ma Shaykh Bàmba ameloon téeméer

Bu ma gisee Shaykh Abdu laaj ko téeméer

Nde kooka mooy kii te mooy fay bor ya

Ñi lebaloon Shaykh Bàmba ñoo di mbër yi

Deglul ma wax la li mu def ci Tuubaa

Fooras bu mag la njékka woote Tuubaa

[Page 3]

Wa maskanī sallim mina l-fujjāri

Wa amnun ‘alā l-ahli bimā’in jāri

Looloo xewoon keroog atum fooras ba

Ca Alximis ja moo dajeek fooras ba

Bisub keroog waa Senegaal kenn desul

Muriid yi naa Shaykh Abdu mii moo nu sagal

Gërëm na mbooléem waa guwarnamaa bi

Gërëm Muriid yi yépp ndax liggéey bi

Li tàmbale Ndakaaru ak Kawlax

Wata yi jàppaloo ba ñów defug lux

Lu tàmbale Ndar ñów Luga ba Kebemeer

Wata yi daa jütle ba agsi yépp teer

Lu tàmbale Tàmbaa ba àgsi Gingineew

Mbooléem ña nekk foofa ñépp daal di ñów

Keroog la denkaane ba ñéppa waaru

Gërëm Muriid yi wax fa wax ju taaru

Nit ñi ñépp tàmbalee gërëm Shaykh Abdu

Boobe la ray Iblis mu daal di fàddu

Keroog la ray njumblaŋ yi ak rambaaj yi

Kenn dootul wax luy féewaleeti mbokk yi

Daa rendi Shaytaane ba noppi doora toog

Moo tax nuroowul ak keneen ku mësa toog

Bokkewul ak menn mbindéef aw doxaliin

Yàllaa ko ber nuroowul ak kenn defiin

Moom naka toog daal di worook mbindéef yi

Ciw doxaliin ak ci waxiin noot ruu yi

Melow Sëriñ Bàmba la yor ci baatiin

Moo mën yar nit ñi nuroowul ak kenn

[Page 4]

Ab yar bu bàyyiko ca Yàlla daal la

Sa xel mi mépp daal di dem ci Yàlla

Shaykh Abdu ab yaraam du jàdd Alxuraan

Te waxi buur Yàlla du weesu Alxuraan

Waxi Boroom bi mbaa Rasuulal Laahi

Mbaa Shaykh Bàmba mooy waxam bil Laahi

Mbooléem jullit yi yeew na leen ci genn buum

Da lay teral xamal la Yàlla ba nga luum

Mbooléem ku jébbalu xolam ba sedd na

Ndaxte jëfam ju rëy ji wóor na àdduna

Céy li mu def ci yooni Shaykh Bàmba

Manéesu koo misaal siggil na Bàmba

Shaykh Abdu Mbàkke maay sa werakaan

Yaa donn Maam Jaara ma fiiru Poroxaan

Cin bu baxe wañaxtamaal ngi bëx-bëxi

Saa xol bi daa fuur moo ma tax di jëx-jëxi

Daara ju rëy ja mu liggéey ca Tuubaa

Ku bëgg xam na daal di jàll Tuubaa

Néeg bi mu sàkkal Alxuraan ci Tuubaa

Kii ku ko sànt mooy ka sànc Tuubaa

Mbaraak Bawal Njaarém ca gaali téere ya

Moom la toxal Tuubaa ñu def ca tééré ya

Mbirum Sëriñ Tuubaa di Shaykh Abdul Ahad

Manéesu koo xamle siwā al-Lāhu Ahad

Dañ koo beral mbir ci Shaykh Bàmba

Kenn mënuta xam mbiram ku dul Shaykh Bàmba

Shaykh Bàmba dafa koo sédd cër bu biire

Moo tax ba Shaykh Abdu du maasum foore

[Page 5]

Moom naka jóg mbiram safaanook mbir yi

Moo tax ba Shaykh Abdu du maasum mbër yi

Tool ba Boroom Bàmba gënoona fonk

La daal di dal mbayam mi raw na ñonk

Tool ba gënoon rëy ci Shaykh Bàmba

Mooy Alxuraan te wóor na Shaykh Bàmba

Moom naka jóg di waa ju fonk Alxuraan

Te fonk Shaykh Bàmba téyéel ko Alxuraan

Moo tax mu jël kàggu nekkaloon fa Njaarém

Indi ko Tuubaa tey bégal waa Njaarém

Kaamil ba Shaykh Bàmba sàmpoon Njurbel

Suuxat na kaamil ba bégal waa Njurbel

Kaamil ba day mel ni bisub Tabaski

Maa dëkk Njaarém bul ko sikki-sakka

Baraak ba Gaynde Fatma ngor sa toxaloon

Def na fa mbir mu fawqa lam fa jëlewoon

Foofa la Shaykh Bàmba daa liggéeyee

Fa la ko Shaykh yu mag yi yéppay déeyé

Moo doon liggéeyukaay ba moo doon jàkka ja

Ma nga ca biir di bind mbaa jàkka ja

Foofaa di tool ba mooy liggéeyukaay ba

Ku bégga jis góor ga demal fa bar ba

Fa laa jisoon Shaykh Bàmba waxtuw Tàkkusaan

Muriid ya yépp ñów nu julli Tàkkusaan

Keroog la jox Sajaat lu mel ni qasida

Te naa ko jàng ko te ñaanal ku fi ne

Sëriñ bi toog Sajaat di jàng tééré ba

Mu noppi ñaanal nu joxaat ko tééré ba

[Page 6]

Keroog la naan na ngeen di wàttu Seen Boroom

Dellu ca teg na ngeen wàttu seen moroom

Dellu ca teg na ngeen di jéema wax lu baax

Dellu ca teg na ngeen di jéema jëf lu baax

Daal di ne ñokket dem ci biir baraag ba

Nit ñépp daal di jóg bàyyi kook barab ba

Bisub keroog laa mujja jis Shaykh Bàmba

Moo tax ma yéem Shaykh Abdu moom Shaykh Bàmba

Ndaxte baraag boobee la àndi Tuubaa

Def ko lu raw baraag ba jaaxal Tuubaa

Daa mel ni Shaykh Bàmbaa ko bind déey ko

Ndaxte damaa jisul keneen xalaat ko
Liggéey bu rëy ba Shaykh Bàmba naaloon
Ci Alxuraan Shaykh Abdu la ko bàyyiloon
Shaykh Bàmba daa sàkkal liggéey bu ne boroom
Kon Alxuraan Abdu Mbàkkeey boroom
Ku weddi lii ma wax da ngaa waxe bàkkan
Waaye jisoo Shaykh Abdu muy jëfe bàkkan
Man mii jisoon Shaykh Bàmba jisoon Abdu
Xam naa ne Shaykh Bàmbaa di Shaykh Abdu
Shaykh Bàmba ay mbiram manéesu koo xam
Ku nekk lam lay féetaleel yaa koy xam
Moo tax ba kàggu gi amul fa Màkka
Ndax li fi nekk mooy la nekkon Màkka
Shaykh Bàmba ab rënkam du nëb du yàqu
Te lépp dafa sotti mu doora làqu
Rënkam ba moo di doom yi ak sët yi
Te fii mu nekk ming ca teg bëtam yi
[Page 7]
Moo tax ba Shaykh Abdu gëmmul bëtam yi
Ci ndigëlal Shaykh Bàmba mook ràkkam yi
Shaykh Abdu Yàlla na sas wi jeex ni tàkk
Màggal gu ñów na sox yi gën di tàkk
Yal na la Shaykh Bàmba defal sa yééné
Sëriñ bu mag ba yeena bokk yééné
Ku dib jullit Shaykh Bàmba mooy sa yilimaan
Ku gantu des gannaaw te mar te doo naan

Loolee la Shaykh Abdu di sànte réew mi

Ku ko deful seereel ne kooñ nga meew mi

Mbooléem Muriid yi noo ngi doon sa seere

Ci sa digg ak Shaykh Bàmba tey ziyaare

Ndax yaa nu seere sunu digg ak Shaykh Bàmba

Sànkoo sunub liggéey te wóor na Bàmba

Naxoo Muriid jaayoo Muriid yaay waa ja

Wutoo lu neex kenn ba fàtte waa ja

Sunu siraat taxaw na nun Muriid yi

Yaa nu layal fa Kuy Boroom Muriid yi

Shaykh Abdu yaa mat sërdi yow doo ruural

Te nun sa jur gi gépp yaa nu suural

Jubbal nga mbooléem góor ña ak jigéen ñi

Yor nga guney Shaykh Bàmba fonk mag ñi

Layoo nga ak mbindéef yi yay leen ca teel

Ku weddi lii ma wax na daw ca teel

Li Shaykh Abdu di tere ca Tuubaa

Nga ne ci kër geneen te naan du Tuubaa

Lākin unādī loolu dégg ngeen ko

Kulla l-‘ibādi loolu seetlu leen ko

[Page 8]

Kon nak waxul Tuubaa waxul Konaakiri

Sa tur la woo nga ñów Muriid tee ngaa xaari

Buur Yàlla ak yonen ba ak Shaykh Bàmba

Ku leen di jéema làqu yaa di dof ba

Bu ma demee Tuubaa nurook waa Tuubaa

Bu ma demee feneen worook waa Tuubaa

Xanaa da nga xamul ne kee fa Tuubaa

Moo di Boroom Jaliil ja woon Mayombaa

Li tambale Ndakaaru dem ba Kongo

Boo fa defee lu baax ñu naa la gongo

Li tambale Tuubaa ba yegg Daawmii

Boo fa defee leneen du wump mbër mii

Te buum gi yor sa xol bi muy xàndaalu

Yàllaako wekk toog fa muy xàndaalu

Raqiibu ak Atiidu ñoo lay garde

Ñooy wax Yàlla lépp yaa ngi tarde

Li tambale Tuubaa ba Bayti Maqdis

Am na ku koy lijjànti menn mbir du des

Xarit da ngay yeewu te seetlu Yàlla

Sa noyyi gi ngay noyyi du ump Yàlla

Su dee da ngay nelaw jógal ma wax la

Su dee da nga gëlëm dikkal ma won la

Ku dib jullit na nga ma baal ci way wi

Ñii diy Muriid ñoo tax ma fent way wi

Muriid bu wuutalee kërám ak Tuubaa

Ba tax mu def fa mbir mu wuuteek Tuubaa

Da ngaa tuddoo Muriid te doo saadiq ba

Te boo saxee ci loolu doo jis Bàmba

[Page 9]

Lu Yàlla digle foo ko def am Yàlla

Lu Yàlla tere foo ko def am door ja

Nan déglu Tuubaa tey ziyaare Tuubaa

Mbé gum Muriid yi yépp moo di Tuubaa

Ku am ku mel ni Shaykh Abdu Mbàkke

Tàkkal sa ñuk yi yépp nak te bàkku

Yoonu Muriid du des gannaaw du tolloo

Wéy ca kanam rekk la yoon wi sàlloo

Màggal gu ñów bu dellusee fuul googa

Lu mat juróomi yoon ñu fàtte googa

Ma dellu wax la ni mu def jumaa ja

Yokkaat ko ba mu yaatu moo di waa ja

Wërële koy làmp mu leer ni naññ

Bu lëndëmee jumaa ja day def raññ

Làmpi jumaa ji yaa ko def lépp wurus

Barab bu màgg ba lépp def nga ko wurus

Bu doon daraa ma xam ne yaa ko daamina

Am nanu tey jumaa ju mel ni Madiina

Xam naa ne sunu jumaa ji yaa ko seeral

Làmpup wurus bu mag bi moo nu jaaxal

Làmp bu diis wàtt mëséesu koo jis

Waaye ki ne ci biir mëséesu koo jis

Jaaxal nga waa Faraas sagal waa Mbàkke

Tubaab yi ñów di portaleeka marke

Li ngay wone ci Shaykh Bàmba mooy jëfal ko

Waa ju fi dikk boo ñówee fii xam ko

Waa ju fi ñów ba ñibbi am loo sàbbaal

Xibaar bu rëy ngay yóbbu am loo sàbbaal

[Page 10]

Tuubaa di kapitaal ba jaaxal Senegaal

Nun ñiy Muriid Tuubaa di sunu Senegaal

Yow miy Muriid dikkal te sànc ca teel

Moo gën di nég ba Daaru Muhti fekk la

Tuubaa di mujj gi moo di njëndil Xaadim

Ku mujja ñów yaay nekk seenub xaadam

Deel teela sébbëlu te teela jébbalu

Te teela bay baxaw te kon nga sembulu

Lii lépp day léebu ñi yéexa wuysi

Ndaxte damaa yërëm ñu yeexa wuysi

Shaykh Bàmba moo ne woon ku wuysi yaa di doomam

Ku baña wuysi kooka moo dib jaamam

Yàllaa ko may mbindéef yi ak alal ji

Ku weddi lii ma wax la saalub wax ji

Yàllaa ko may mbindéef yi nekk dunyaa

Ak seen alal booleek lu nekk dunyaa

Malakanī dunyā wa ukhrā al-Şamadu

Mā ‘indahu l-ikhtāruhu Muḥammadu

Shaykh Bàmba sànni loola fab yonnen ba

Ñi ci gannaawam daal di fab yóbbal ba

Tubaab ya ak Yahuud yi majóos yi

Ñéppa ngi fab alal di yót Muriid yi

Shaykh Bàmba wax na ko ku jàng Rumnā

Jis li ma wax man Jaaja jis naa Rumnā

Li l-Lāhi jalla yadī wa l-qalbu ma ‘a badanī

Wa sāwalī fawqa mā ‘inda sulayṭīnī

Moo tax ma naa la noo di jaami Bàmba

Ku njékka nàngu yaa di doomi Bàmba

Jaam bu nàngu dugg ci biir sàngam ya

Ñu daal di koy fal muy digal kàngam ya

[Page 11]

Xam naa xamoo Shaykh Ibra Faal jàmbaar ja

Shaykh Bàmba daf koo woo mu jël njàmbaar ga

Njékka nàngu gëna nàngu raw gaa ya

Moo tax ba Làmp Faal di sagub gaa ya

Boo nee Muriid xel yépp dem ci Baay-faal

Kon waa ju bégga raw na mel ni Baay-faal

Kookaa nu wan Shaykh Bàmba wan nu yoon wi

Xamal nu luy njébbal xamal nu yoon wi

Shaykh Abdu moo garante yoonu Bàmbaa

Moo tax mu tere luy lu bon fa Tuubaa

Ku bégga aw ci yoonu Shaykh Bàmba

Waroo ginnaawal waxi doomi Bàmba

Nan bokk am jom bokk fonk Bàmba

Ndaxte danoo amul lu dul Shaykh Bàmba

Shaykh Abdu nak wuutewulak Shaykh Bàmba

Ku déglu ay waxam jubóok Shaykh Bàmba

Waxam du jàdd Alxuraan mbaa hadiis

Mbaa waxi Shaykh Bàmba te wax ja daa diis

Kon nak wutul lu neex Masàmbaak Demba

Xanaa lu neex Shaykh Bàmba ak yonen ba

Ñooñu la xool du xool keneen ci dunyaa

Shaykh Abdu moo jommal ñi fonk dunyaa

Moo mën yar moo mēna yor mooy aarif

Daa mel ni nit ñi ñépp moo leen taalif

Ku wuutu Shaykh Bàmba day xam baatin

Kum tinu Yàlla Buur ba dal di tin

Ku laay layal bu nee du nii nee ko nu mu

Aawookaa bu mat aawokaa du ñëw naa la nu mu

Moo lay digal ni ngay waxeek ni ngay defe

Boo ni defee ba dem siraat di nga texe

[Page 12]

Bopp bu sax nopp bu dul dégg ndigal

Yàlla na nu moy ndax kooka deef na ko mbugal

Shaykh nee tēlēj du deñci am ndox

Yajit du deñc ndox taxay defum ndox

Shaykh Abdu nak da nuy digal di nu dogal

Bu nu defe lii mu nu wax duñ nu mbugal

Na nu sànt Yàlla sànt Shaykhu Bàmba

Te sànt Shaykh Abdu mi nekkal Bàmba

Buur Yàlla ak yonen ba ak Shaykhu Bàmba

Tàkkal na koy garaat ci yooni Bàmba

Ndax lii mu def musula am ci Tuubaa

Moo génne sàngaraak ndorog ci Tuubaa

Màggal gu am mego ya daana dees wutu

Tey waa ju bégga tux da ngay taalub wata

Jëm Mbàkke tux ba doyle delsi Tuubaa

Mbaate nga dem ca tool ya génn Tuubaa

Jis naa ku taal wata ba weesu fooraas

Ngir bégga tux ba gaa ya naa lu muy raam

Moo tax ba naafiq yi ne ci réew mi

Naa ko li ngay def musla xew ci réew mi

Waaye dañoo xamul mbirum Shaykh Bàmba

Xamuñu it doxiinu Shaykh Bàmba

Doxiinu Shaykh Bàmbaa ngi mel ni Alxuraan

Ku weddi seet li Yàlla wax ci Alxuraan

Ndax saar wu nekk am na lu ko taxa jóg

Ñoom it ku nekk am nga li la taxa jóg

Kenn du yóbbuwaale moroomam ciy mbiram

Ku nekk Shaykh Bàmba da koo joxi mbiram

Shaykh Mustafaa Mbàkke mbiram matoon na

Shaykh Faliilu Mbàkke it mbiram matoon na

[Page 13]

Shaykh Abdu mii li ko Sëriñ bi defloo

Dina ko def gaa yi bu leen ma juumloo

Seetal ma Abdullaahi jaamub Yàlla

Kooka du def dara lu juuyook Yàlla

Te gaa yi naa lii mësla xew ci Tuubaa

Ñoo di sëtub ña weddi woon yonen baa

Ñiy bindi leetar di ca wax lu juunu

Te koo ci wax lu baax mu far la noonu

Jullit dafu bariy fasoŋ ci Senegaal

Farañse ñoo nu nax ba yàq Senegaal

Ndax aada yi fi xew ba sax ci Senegaal

Moom la Boroom Tuubaa bañoon ci Senegaal

Képp ku naa jisuma poon ci tééré

Génnal ci ay waxam xamul sax tééré

Jàngal ma Alxuraan nga jis lu yéemé

Demal ci Wāqi'at ba shurba l-hīmi

Am na lu ñuy jëfe te doonul yoon wa

Ngénte ñu door laa may te loolu du yoon wa

Te Yàlla bañ na loolu ak yonen baa

Ñu baax ña ñépp bañ ko ak Shaykh Bàmbaa

Te loolu moo di aada tey ci Senegaal

Sëy boo fi jis looloo ko sos ci Senegaal

Tééméer bu nekk ñaara cay aw yoon wi

Mbaa du ko mat Yal nañ nu aar ci yoon wi

Man Jaaja Jóob danaa xuloo ba tàyyi

Ndax koo ko wax mu naa la nang ma bàyyi

Duma la bàyyi ndaxte Yàlla moo ko bañ

Kon nak lu Yàlla Buur ba bañ danaa ko bañ

Danoo fayul bor ba nde kon nu sànt

Shaykh Abdu Mbàkke mii de jar naa sànt

[Page 14]

Yoon ba Boroom Tuubaa awoon ba gën fi

Ci la nu jaarale moroomam dee fi

Muriid dafay déglu ndigal mbaa lu ko moy

Mu daal di jaar weneen yoon te kon mu moy

Nan sànt Yàlla ak Rasuulul Laahi

Te sànt Shaykh Bàmba bi ɥaqqi l-Lāhi

Te sànt Shaykh Abdu Ahad mu gore mii

Te ñàkki caaxaan moo nu teg ci ngir mii

Yàlla na fi yàgg mook ràkkam yeek doom yi

Ak sèt yi yépp boole kook mayam yi

Ak kuy Muriid Yal na ko bokk fekke

Ci barke Shaykh Bàmba nu bokk fekke

Xoolal ma ni mu liggéeye Aynu Rahmati

Li Shaykh Abdu def dinaa ko waxati

Defar nga Aynu ba mu mel ni bahru

Defal ko ay solloom yu taaroo-taaru

Mu mel ni géej di bëx-bëxi di walangaan

Ba ndox ma dem Orop ba delsi Soodaan

Ba raŋ gi day toll ni raŋag jumaa ji

Te ndox ma far dàq ndoxam jumaa ji

Te loo ci ñaan mu am ca barkeb Bàmba

Billaahi Shaykh Abdoo sagal Shaykh Bàmba

Nga dellu def kër gu amul ci Tuubaa

Defal ko Shaykh Bàmba mi sànc Tuubaa

Jaaraama Shaykh Abdu sagal nga yoon wi

Moo tax ñu naa la yaa di gayndeg yoon wi

Nga dellu def korniis bi teggi Mbàkke

Ku bégga dem Njaarém du jaari Mbàkke

Ma dellu wax la li mu def ci Tuubaa

Def otoruut diggànte Mbàkkeek Tuubaa

[Page 15]

Korniis bi wër Tuubaa ba ferme Tuubaa

Lii lépp moo ko def sagal na Tuubaa

Defal nu marse bopp amul ci soodaan

Shaykh Abdu Mbàkke yaw ndamul nde yaa daan

Marse bi am na ay moroom ci Tuubaa

Ku weddi lii ma wax wëral ma Tuubaa

Ku weddi dem Daaru Qudoos kër Amdi

Di magi Shaykh Abdu di baayi Gaynde

Demal Guy Mbind te kon nga waaru

Shaykh Abdu def na ko liggéey bu taaru

Demal ma Gaar Bu Ndaw ci yoonu Daara

Komersa yaak daral ba mel ni saara

Demal ma Qaa'ira ca kër Shaykh Fàllu

Ñoo taaru ay butik te ñéppa farlu

Mbaate nga dem Daaru Minan guk Tuubaa

Kër Shaykh Basiiru doomi rabbu Tuubaa

Yokk na Tuubaa kilomeet yu dul jeex

Penkooki sówwu lépp def na ay taax

Lu tambalee Daaru ba agsi Tuubaa

Foo fi taxaw mu mel ni yaa ngi Tuubaa

Li tambalee Daara Jolof ba agsi Tuubaa

Foo fa taxaw mu mel ni yaa ngi Tuubaa

Li tambalee Tayif ba agsi Tuubaa

Foo fa taxaw mu mel ni yaa ngi Tuubaa

Li tambalee Kafrin ba agsi Tuubaa

Foo fa taxaw mu mel ni yaa ngi Tuubaa

Lu tambalee Njaarém ba agsi Tuubaa

Foo fa taxaw mu mel ni yaa ngi Tuubaa

Shaykh Abdul Ahad yow yaa rafet xalaat

Yaw li nga def Tuubaa mënéesu koo xalaat

[Page 16]

Shaykh Bàmba day denc yëfam ci waxandém

Ba bis ba jot mu doora ubbi waxandém

Ndax li nga def yow la ko Xaadim sànt

Kon nak ku ne ci réew mi war laa sànt

Mbirum Sëriñ Tuubaa dinaa la ko misaal

Kaamil bu ñuy wàcce ci laa la koy misaal

Am na ku ñuy tibbal ca tééréb kaw ba

Am na ku ñuy tibbal ci tééréb suuf ba

Ku weesuwul Najmi nga jox ko 'Imrān

Balaa jukki baa jeex danañ ko seetaan

Fa Shaykhu Bàmbay séddale nit du fa dem

Malaaka yeek yonen ba ak Yàllaa ko xam

Kenn mēnta bay sasam wi moo ko yellow

Ku ñu joxoon sasam wi dang ko dello

Xam-xam bu mat fulla ju mat ak fit wu mat

Shaykh Bàmba da ko koo beral moo tax mu mat

Moom du xuloo du xeex du gaaruwaale

Moo tax ku wax leneen bu leen ko faale

Nan def ni moom te xool ci moom te am jom

Bañle ko lii mu bañ te def ci sunu jom

Ndax lii mu bañ Buur Yàlla moo ko njékka bañ

Yonen ba bañ ko Shaykh Bàmba dal di bañ

Yal na fi yàgg lool ci barkeb Shaykh Bàmba

Ak Shaykh Mustafaa di taawu Bàmba

Ak barke Shaykh Fàllu di doomi Bàmba

Ak barke Shaykh Basiiru doomi Bàmba

Ma dellu ñaan ci barke Shaykhu Jiili

Buur Yàlla ful ko Yàlla na nu ca boole

Ci barke Shaykhu Saalihu doomi Xaadim

Laa ñaan ci Yàlla Bàmba def mab xaadam

[Page 17]

Ma dellu ñaan ci barke Shaykh Shuhaybu

Naafiq yiy waraate bu ñu ma yóbbu

Barke Sëriñ Baara Boroom jalil ja

Tey doomi Xaadim kooku moo di waa ja

Barke Sëriñ Abdu ma moomoon dër ba

Tey baayi Shaykh Mbàkke ma donn dër ba

Ma dellu ñaan ci barke Shaykh Ibraahiima

Di doomi Xaadim kooku moom du bayima

Ma dellu ñaan ci barke Shaykh Abdu Samad

Yal na nu may nu aw ndigal fii ba abad

Ma dellu ñaan ci barke Shaykh Murtalaa

Yal na nu Shaykh Bàmba defal ḥāji qadā

Te sēti Shaykh Bàmba yi yépp raamaan

Te it Muriid yi yépp bokk raamaan

Kër yi nga jox Muriid yi yépp ci Tuubaa

Yal na nu ko sànc lépp far ñów Tuubaa

Te li nga naal ci yoonu Shaykhu Bàmba

Yal nang ko def jébbal ko Shaykhu Bàmba

Te li nga digle it ci yoonu Yàlla

Yal na ko ñépp def ci màggug Yàlla

Te li nga tere it ci yoonu Yàlla

Yal na ko ñépp ba ci màggug Yàlla

Yal na la Buur Yàlla defal sa yééné

Ci jaam ñi ñépp man mi xam sa yééné

Yal na nu ànd ak yaw ba ñépp raamaan

Ci barke Shaykh Bàmba mi gën ci soodaan

Mbooléem Muriid yi ñoo ma ñaan ma way la

Xamuma darra waaye tey ma woy la

Kaamil ba ak Muriid ya nekk Njaaréem

Ñoo ma ko ñaan ak waa jumaa yi Njaarém!